

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana masalah jeung analisis hasil panalungtikan anu geus dipedar dina bab saméméhna, aya sababaraha kacindekan anu bisa dirumuskeun. Di handap ieu baris ditulis sababaraha kacindekan éta.

Digunakeunna basa Sunda ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar di SMP Negeri 52 Bandung dipangaruhan ku basa séjén, nya éta basa Indonésia. Pangaruh éta téh nyababkeun ayana gejala interférens, campur kode, jeung alih kode.

- 1) Gejala interférens dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung aya 34 kecap anu frékuénsi munculna 153 kali, ku sabab salah dina ngucapkeunana, balukar robahna foném, nambahna foném, jeung leungitna foném. Tina ieu panalungtikan katitén yén interférens anu loba digunakeun nya éta kecap *kalimat* anu mangrupa gejala interférens robahna foném /h/ jadi foném /t/, éta kecap téh diucapkeun 40 kali.
- 2) Gejala campur kode dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri aya 136 kecap jeung klausa anu frékuénsi munculna 502 kali. Tina ieu panalungtikan katitén yén campur kode anu loba digunakeun nya éta kecap *ya*, éta kecap téh diucapkeun 131 kali.
- 3) Gejala alih kode dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung aya 115 kalimah anu frékuénsi munculna 167 kali. Tina ieu

panalungtikan katitén yén alih kode anu loba digunakeun nya éta kalimah *Sikap beri salam*, éta kalimah téh diucapkeun 15 kali.

Interférénsi, campur kode, jeung alih kode dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung téh dipangaruhan ku basa Indonésia. Éta gejala interférénsi, campur kode, jeung alih kode éta dilakukeun kalayan dihaja pikeun ngajéntrékeun matéri pangajaran atawa nginjeumna istilah, sedengkeun anu henteu dihaja mah ku sabab kabiasaan ngagunakeun basa Indonésia dina kasempetan komunikasi anu séjénna.

5.2. Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung kacindekan anu geus ditulis di luhur, aya sababaraha hal anu perlu dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh jeung kaparigelan dina ngagunakeun basa Sunda ku guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung.

1. Saran anu kahiji nya éta pikeun guru di kelas, anu sacara langsung ancrub dina prosés diajar ngajar di sakola. Guru salaku anu ngajar, ngadidik, ngabina, ngaping, sarta bagian ti masarakat tangtuna gedé pangaruhna pikeun murid sabab guru bakal jadi conto sarta turutaneun. Ku kituna, guru salila prosés diajar ngajar téh dipiharep ngagunakeun basa Sunda anu bener sarta bisa ngamekarkeun basa Sunda di hiji lambaga formal.
2. Kepala sakola, miboga pangaruh anu gedé pikeun kamekaran basa Sunda murid SMP Negeri 52 Bandung. Sakola téh hiji lambaga formal anu dijadikeun dasar dina ngawangun kapribadian murid-muridna, kana éta hal

tangtuna kapala sakola ngabogaan pangaruh anu gedé ngaliwatan kawijakan-kawijakan anu diterapkeun di sakola. Ku kituna, kapala sakola dipiharep bisa ngabina sarta ngayakeun évaluasi dina prosés diajar ngajar, hususna anu patali jeung digunakeunna basa Sunda ragam lisan ku guru jeung muridna. Tina éta hal dipiharep bisa katitén naon anu jadi bangbaluh pikeun kamekaran basa Sunda di ieu sakola.

3. Panalungtikan ieu ngan nalungtik ragam basa anu digunakeun ku guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung, sedengkeun aspék dina ngagunakeun basana éta sorangan henteu diperhatikeun. Ku kituna, dipiharep aya deui panalungtik séjén anu bisa neruskeun ieu panalungtikan kalayan leuwih jero deui. Misalna, ngeunaan kaéfektipan digunakeunna basa Sunda ragam basa lisan guru jeung murid, pamahaman kana basa Sunda ragam lisan guru ku murid, atawa panalungtikan ragam basa anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di sakola séjén. Hal ieu tangtuna pikeun kamekaran basa Sunda patali jeung dihontalna tujuan diajar, utamana dina digunakeunana basa Sunda ku guru jeung murid, anu saterusna dipiharep murid téh mampuh ngagunakeun basa Sunda anu bener sarta mampuh milih ragam basa anu saluyu jeung situasi sarta tujuan.

